



## AVI SOU POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 12

**Politik: FY25 Fèmti Apwouve pou Pwogram k ap Patisipe nan CCFA**

**Dat Antre an Vigè: 1ye jiyè 2024**

### APÈSI

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) te mete ajou ak amonize kantite Jou Fèmti ki Apwouve pou Gwoup ak Laj Lekòl (GSA) ak pwogram Swen Timoun nan Fanmi (FCC) k ap patisipe nan sistèm Asistans Finansye pou Swen Timoun Massachusetts (CCFA). Chanjman sa a rekonèt kapasite pwofesyonèl sou teren an epi li bay pwogram avèk plis diskresyon pou detèmine dat fèmti an patenary avèk anplwaye ak fanmi yo

Direktiv sa yo ap chèche senplifye ak amonize règleman jou fèmti apwouve ak dokiman oryantasyon atravè divès tip pwogram pou bay plis fleksibilite pou pwogram yo nan jere jou fèmti yo nan yon fason ki pi byen satisfè bezwen fanmi yo ak anplwaye yo.

### APLIKABILITE

Direktiv sa yo konsène pwogram GSA ak FCC k ap patisipe nan CCFA.

### MIZAJOU KLE

Tou de pwogram GSA ak FCC yo pral kounye a gen jiska 22 jou Fèmti Peye Apwouve pa ane (defini kòm ane fiskal EEC la, ki kòmanse 1ye jiyè epi ki fini 30 jen).

- Jou sa yo gen ladan 12 jou ferye eta a ak 10 jou fèmti adisyonèl ki pwogram yo ka detèmine ki baze sou bezwen anplwaye yo ak fanmi yo. Jiska de nan jou ferye eta yo ka itilize nan lòt jou nan ane a, si sa nesesè. Kèk nan 10 jou fèmti adisyonèl yo ka itilize pandan semèn ant Nwèl ak Jou nouvèl ane a, si li fè sans pou pwogram yo fèmen pandan tan sa a.
- Douz (12) jou ferye Fèmti Peye Apwouve yo gen ladan yo:
  - Jou Nouvèl Ane a
  - Jou Martin Luther King Jr
  - Fèt Prezidan an
  - Jou Patriyòt yo
  - Jou Souvni
  - Juneteenth
  - Kat Jiyè
  - Fèt Travay



9. Jou Kolon/Jounen Pèp Endijèn nan
  10. Jou Veteran yo
  11. Aksyon de Gras
  12. Fèt Nwèl
- Pwogram FCC yo ka pote jiska senk jou fèmti peye nan pwochen ane fiskal la (FY25).
  - Anplis 10 jou fèmti peye yo, pwogram GSA ansanm ak FCC yo ka kontinye fèmen pandan jiska senk jou devlopman pwofesyonèl peye pa ane.

Pwogram yo ap toujou gen pou soumèt dat fèmti apwouve bay EEC sou Fòm Orè Fèmti (Sistèm FCC e ki Baze sou Sant) pou asire EEC gen orè fèmti konplè chak founisè pou ane fiskal la. Kòm toujou, pwogram yo ta dwe travay avèk fanmi yo pou detèmine yon orè fonksyònman ki alafwa sipòte aksè pou fanmi yo ak opòtinite pou anplwaye yo ak edikatè yo pou pwogramme tan konje oswa patisipe nan opòtinite devlopman pwofesyonèl yo. Li enpòtan pou bay fanmi yo avi otank posib sou fèmti pwogram yo pou fanmi yo ka jwenn aranjman swen altènatif, si sa nesesè.

## **RESOUS**

Direktiv sa yo pral antre an vigè 1ye jiyè 2024 pou pwogram GSA ak 1ye jiyè 2023 pou pwogram FCC yo. Lòt enfòmasyon sou pwosedi ak dokiman yo pral swiv nan mwa jen nan kad pwochen kontra pwovizwa FY25 yo.

## **OBSOLET (PA SÈVI ANKÒ)**

Avi politik sa a ranplase tout direktiv jou fèmti ki te apwouve oparavan.